



Pou Piblikasyon Imedya: 19/05/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOJÈ VENKÈ YO POU INISYATIV 10 MILYON DOLA REVITALIZASYON ANBA LAVIL ONEONTA LAN

*Ajans New York yo Pral Kolabore ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal lan
Revitalize Anba Lavil Oneonta, Kreye Pòs Travay epi Ankouraje Ekonomi Lokal la*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a pwojè venkè ke yo te seleksyone pou Vil Oneonta ki nan rejyon Mohawk Valley kòm yon pati nan Inisyativ 100 milyon dola Revitalizasyon Anba Lavil eta a (Downtown Revitalization Initiative, DRI). DRI vize transfòme vwazinaj lokal yo atravè eta a pou vin tounen kominote ki dinamik kote pwochèn jenerasyon Nouyòkè yo pral vle viv, travay epi elve yon fanmi. Nan travay ansanm ak ajans eta yo ansanm ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la (Regional Economic Development Council), Vil Oneonta te konstwi yon plan investisman estratejik ki ap idantifye pwojè anba lavil katalitik yo ki konsistan ak objektif inisyativ lan yo.

“Ak investisman enpòtan sa ak gwo fokus rejyon an sou favorize kwasans ekonomik ak kreyasyon travay, Vil Oneonta pral gen yon opòtinite pou atenn tout potansyèl li”, **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pwojè sa yo pral ede transfòme vil lan, sa ki ap ede asire dirabilite Mohawk Valley pou jenerasyon ki ap vini yo.”

“Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan rekonèt ke distrik biznis santral vital yo kapab favorize kwasans tout yon rejyon”, **se sa Gouvènè Adjwen Hochul te deklare, li menm ki te fè anons DRI a jodi a nan Oneonta.** “Atravè DRI an, Oneonta pral ranfòse atou aktyèl li yo, reyoryante espas ki pa itilize anpil yo epi konekte atou aktyèl li yo pou kapab konstwi sou yon nwayo istorik ki pratik.”

Nèf pwojè venkè yo se:

- **Devlopman Miltifonksyon Espas Westcott lan**
Konstwi yon nouvo batiman miltifonksyon nan 226-236 Main Street. Vil lan pral chwazi yon konpayi devlopè pou konstwi nouvo batiman an ki pral genyen 4,000-6,000 pye kare espas komèsyal nan Main Street, twa nivo lojman anlè batiman

an, ak yon nivo pakin anba batiman an. Nouvo batiman an pral enkli anviwon 27-30 kay abitasyon ki gen yonn ak de chanm. Espas la ka enkli tou yon ti sant komèsyal piblik ak wout pasaj pyeton piblik lineyè ki konekte Main Street ak South Main Street.

- **Finansman pou Sibvansyon Siy ak Prè Renovlab pou Ti Biznis yo**
Bay pwopriyetè batiman ki nan zòn DRI an yo ti prè pou kapab renove espas ak vitrin magazen lavant an detay ak komèsyal yo, epi amelyore siyalizasyon biznis yo. Bay finansman konplemantè atravè yon fon prè renovlab pou peye depans pou obstak ke ansyen estrikti yo ap fè fas a yo pou reponn a estanda kontanporè yo. Itilizasyon yo ka enkli amelyorasyon tankou renovasyon enteryè/eksteryè yo, machinri/ ekipman, kapital travay, ak sibvansyon alokasyon yo. Yo pral bay mikwo-sibvansyon a pwopriyetè endividyèl yo pou siyalizasyon biznis yo.
- **Aktive Lojman Ki Gen Etaj Pi Wo yo**
Bay pwopriyetè batiman aktyèl ki nan zòn DRI an yo sibvansyon pou kapav renove etaj pi wo yo pou lojman yo. Anpil pwopriyete rezidansyèl aktyèl ki sitiye sou tout Main Street lan bezwen amelyorasyon pou kapab atire nouvo lokatè yo, epi montan depans pou renovasyon ansyen estrikti sa yo pou reponn a demann lojman yo pa kouvri totalman pa pri alokasyon aktyèl lan sou mache Oneonta. Pwojè sa pral pèmèt yo fè renovasyon ki nesèsè yo.
- **Nouvo Santral Transpò ak Renovasyon Garaj Pakin**
Renove yon garaj pakin piblik aktyèl epi ajoute yon nouvo etablisman transpò. Estrikti pakin lan ap bay twa nivo pakin piblik ak yon estasyon bis pou bis ki vwayaje ant vil yo. Fasad ak kondisyon aktyèl li yo se yon wont sou pwopriyete adjasan yo. Amelyorasyon yo gen ladan yo mentnans alontèm ak renovasyon eksteryè yo. Pwojè a enkli tou reyalizasyon nouvo etablisman Santral Transpò a nan bò sid estrikti pakin lan.
- **Pasaj Muller Plaza**
Etabli yon wout pasaj pyeton piblik ant Muller Plaza ak Water Street. Wout pasaj la pral bay yon koneksyon ki enpòtan ant espas piblik Oneonta ki pi enpòtan an ak lòt pwen nan Vil lan yo. Koneksyon an pral bay askè nan sant komèsyal la soti depi nan garaj pakin piblik Vil lan, magazen aktyèl yo ki nan Water Street, ak an dènye lye rive nan nouvo Santral Transpò, ak teyat Foothills Theater.
- **Espas Pwomnad Water Street**
Etabli yon wout pasaj pyeton piblik ant Water Street ak Market Street. Wout pasaj la, ki konstwi de yon espas pwomnad, pral bay yon koneksyon ki enpòtan ant espas piblik Oneonta ki pi enpòtan an, Muller Plaza, ak lòt pwen nan Vil lan yo. Koneksyon an pral bay askè ant garaj pakin piblik Vil lan, magazen aktyèl yo ki nan Water Street, pou rive nan nouvo Santral Transpò, ak teyat Foothills Theater.
- **Amelyorasyon nan Market Street ak South Main Street**
Fè amelyorasyon nan lari aktyèl yo ki nan anba lavil Oneonta. Renove Market Street ak South Main Street pou kapab ogmante aktivite pyeton, bay yon karaktè ibèn ki konsistan ak anba lavil Oneonta, epi ankouraje devlopman pwopriyete ki pa itilize anpil yo. Travay yo pral enkli divès amelyorasyon sekirite pyeton, ranfòsman peyizaj iben yo, ak amelyorasyon enfrastrikti yo. Yo tou pral fè amelyorasyon tou pre teyat Foothills Theater an ak pòt prensipal yo ki nan Main Street ak Market Street, menm jan ak James Georgeson Avenue.
- **Siyalizasyon Distrik Anba Lavil**
Amelyore vizibilite biznis yo ki nan anba lavil Oneonta epi fè piblisite pou

Oneonta nan yon gwo rejyon. Pwojè siyalizasyon an gen ladan elaborasyon siyalizasyon ak yon plan lokalite, ki apre pral gen plasman makè yo sou tout wout rejyonal majè yo ansanm ak nan lòt destinasyon rejyonal yo; nouvo siyalizasyon ak pano oryantasyon anba lavil yo; siyalizasyon direksyonèl pou gwoup magazen yo; ak pano oryantasyon pou pakin piblik, espas piblik yo, ak siyalizasyon distrik istorik yo.

- **Pwojete Imaj epi Komèsyalize Anba Lavil Oneonta**

Amelyore vizibilite anba lavil ak ti biznis Oneonta yo. Pwojè pou Pwojete (Branding Project) imaj lan pral devlope yon tèm komèsyalizasyon pou Vil lan, ak yon rezo pou kapab regilyèman distribiye materyèl komèsyalizasyon yo pou anba lavil lan. Pwojè a pral abouti a lavant an detay ki ogmante, opòtinite biznis komèsyal yo, ak pèsepsyon anba lavil lan ki amelyore.

Sekretè Eta New York la, Rossana Rosado, te deklare: “Mwen ta renmen remèsye Gouvènè a poutèt vizyon san parèy li nan kreyasyon opòtinite pou kominote yo atravè Eta New York. Envestisman sa ki te fèt pa eta a pral bay bourad a ekonomi lokal la epi pote epi kenbe moun nan eta nou an. Mwen felisite Komite Planifikasyon Lokal la (Local Planning Committee) poutèt travay di li nan chwazi pwojè yo ki pral amelyore anpli Anba Lavil Oneonta.”

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kominote ak Kay yo nan Eta New York (NYS Homes and Community Renewal), te deklare: “Pwogram DRI Gouvènè Cuomo an te kreye pou rekonèt epi rekonpanse pi bon kwasans lokal anpil, ki byen planifye ki ap antisipe epi balanse nesosite pou abitan aktyèl yo ak pwomès nouvo devlopman miltifonksyon. Nan ede kominote yo anbake sou yon wout renouvèlman, nouvo opòtinite lojman ak anplwa yo, anrichisman atistik ak rekreatif yo, epi kreyasyon yon kominote ki pi vivab epi pi atiran sa ap garanti yon avni ki pi vital pou tout Nouyòkè yo.”

Senatè James L. Seward te deklare, “Oneonta te ranpòte finansman DRI Eta New York lan gras a yon plan ki prezante yon vizyon enteresan pou devlopman ekonomik ak kwasans kominote ki santre sou sant anba lavil lan. Pwojè venkè sa yo, ki te konsevwa pa pati prenan lokal yo, pral ede akonpli vizyon sa epi mennen nan nouvo posibilite ekonomik yo. Oneonta gen yon istwa istorik epi inisyativ transfòmasyonèl sa fè ke tout rejyon an vize yon avni pwospè.”

William Magee, ki se Manm Asanble, te deklare, “Konte Otsego ofri potansyèl ilimite pou opòtinite ekspansyon yo, epi pwojè DRI venkè sa yo pral fè vance objektif nou an pou bay bourad a ekonomi an epi kreye bon jan travay. Mwen felisite Gouvènè Cuomo ansanm ak tout sila yo ki enplike poutèt lespri patenarya yo nan kreyasyon yon vizyon pou yon anba lavil Oneonta ki akeyan, irezistib epi vivab.”

Gary Herzig, ki se Majistra Vil Oneonta, te deklare, “Mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt vizyon li ak pou envestisman li nan avni Vil Oneonta. Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Gouvènè a pral ede transfòme Oneonta an yon anba lavil ki dinamik ki kapab ajoute sou resous lokal ak rejyonal kiltirèl, istorik ak agrikiltirèl yo pou vin tounen yon destinasyon pou alafwa abitan ak touris yo, pandan ke l’ap bay tou nouvo opòtinite ke yon bezwen anpil pou bon jan kalite lojman ak anplwa pou moun ki nan Vil Oneonta.”

Vil Oneonta

Avèk de atou tankou lojman miltifonksyon, plizyè tip transpò, yon distri atistik ak kiltirèl ki dinamik ki gen ladan Distrik Inovasyon Bwason fabrikeak Manje fiti an (Food and Craft Beverage Innovation District), ak enstitisyon pilye yo tankou Hartwick College ak SUNY Oneonta, Vil Oneonta, ki sitiye bò Rivyè Susquehanna a, li pare pou tranfòme an yon kominote 21^{èm} syèk ki konpetitif sou plan rejyonal, pandan ke l'ap kenbe karaktè ti komin pitorèsk li an. Sou DRI an, Oneonta pral konsantre sou pwojè ki nan zòn anba lavil la yo ki pral favorize investisman prive konsiderab pou fè pwomosyon dirabilite, epi redwi anprent kabòn vil la, bay nouvèl opòtinite lojman yo, epi elaji potansyèl ekonomik li antan ke yon sant rejyonal pou kilti ak komès.

Yo te chwazi Oneonta kòm kominote DRI venkè ki nan Mohawk Valley apre ke Konsèy rejyonal lokal la te konsidere sèt kritè pandan ke l'ap chwazi Oneonta kòm venkè li:

1. Katye ki vize a dwe konpak epi byen defini.
2. Anba lavil la, oubyen sant li, ta dwe ase gwo pou jere yon anba lavil aktif pandan tout ane a; li ta dwe gen yon popilasyon ki la deja oubyen k ap ogmante ki pa twò lwen, ke anba lavil sa a ap sant prensipal la.
3. Anba lavil la ta dwe kapitalize sou investisman prive ak piblik ki nan katye a epi ak sa ki pa lwen, oubyen atire investisman sa yo.
4. Ta dwe gen yon ogmantasyon nan kantite djòb resan, oswa k ap vini, oswa tou pre anba lavil la ki ka atire travayè, soutni redevlopman epi fè devlopman an dirab.
5. Anba lavil la dwe gen imèb oubyen karakteristik ki kontribye, oswa ki ta ka kontribye a atraksyon epitou ki fasilite lavi anba lavil la, si yo amelyore yo, ki se, prezans espas miks yo ka devlope, lojman nan diferan nivo pri ak stil, ri komèsyal prensipal pou biznis ak komès detay, ki enkli mache pou manje ki bon e ki pa koute chè, kote pou moun mache ak woule bisiklèt, epi plas piblik ak kote pou moun rasanble.
6. Anba lavil la ta dwe genyen oubyen endike kijan li ka kreye règleman ki fasilite kalite lavi, ki enkli bank kredi agrikòl lokal, kòd iben modèn, plan lari konplè oswa devlopman ki akse sou transpò; epi
7. Dwe gen sipò lokal ak kominotè pour revitalizasyon anba lavil la. Lidè lokal yo ak entèvenan yo dwe pran angajman pou elabore epi aplike yon plan investisman stratejik pou anba lavil la.

Pou kapab jwenn plis enfòmasyon sou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ak kijan pou aplike pou dezyèm faz li an, ale sou: <https://regionalcouncils.ny.gov>.

###